

## DEMANN POU ARANJMAN REZONAB/MODIFIKASYON

Yon demann pou yon aranjman rezonab oswa yon modifikasyon rezonab pa bezwen fèt alekri, men li pi bon pou yon demann fèt alekri pou gen yon dosye sou demann lan ak dat yo te voye l.

Lè w ap konsidere yon demann rezonab pou aranjman/modifikasyon, yon founisè lojman dwe pran bagay sa yo sèlman an konsiderasyon:

- Èske moun yo fè demann lan pou li a se yon moun ki gen yon andikap?
- Èske aranjman an oswa modifikasyon yo mande a nesèsè pou pèmèt moun ki gen andikap la gen menm opòtinite pou itilize epi pwofite yon lojman, sa ki gen ladan espas plizyè moun itilize yo.?
- Èske aranjman yo mande a t at mete sou do founisè lojman an yon chaj ki twòp nan domèn finansye ak administratif?
- Èske aranjman yo mande a mande yon gwo modifikasyon nan nati operasyon founisè a?

Yon founisè lojman pa ka mande enfòmasyon sou kalite oswa gravite andikap la. Sepandan, yon founisè lojman ka mande enfòmasyon sou rapò ki genyen ant andikap moun nan ak bezwen pou aranjman yo mande a, si andikap la oswa bezwen pou aranjman yo mande a pa parèt aklè. An jeneral moun ki fè demann nan ka bay enfòmasyon sa a. Yon doktè oswa lòt pwofesyonèl medikal, yon gwoup kote youn ap ede lòt, yon ajans sèvis ki pa sèvis medikal, oswa yon lòt moun oswa antite moun fè konfyans ki nan yon pozisyon pou l gen enfòmasyon sou andikap moun nan ka bay enfòmasyon yo tou.

## Aksè ak lojman san patipri se dwa w!

SouthCoast Fair Housing, Inc. (SCFH) travay pou elimine diskriminasyon nan domèn lojman epi ede devlope kominote ki aksesib ak tout moun nan tout Rhode Island ak nan sidès Massachusetts. SCFH bay edikasyon nan kesyon lojman pou tout moun, fè sansibilizasyon, defans, ak aktivite ranfòsman pou n asire tout moun gen menm opòtinite nan kesyon lojman.

Pou plis enfòmasyon, pou pran randevou pou yon fòmasyon lojman pou tout moun, oswa pou pote yon plent kont diskriminasyon nan kesyon lojman, rele (774) 473-9994 oswa (401) 285-2550, vizite [southcoastfairhousing.org](http://southcoastfairhousing.org) oswa voye yon imèl nan [info@southcoastfairhousing.org](mailto:info@southcoastfairhousing.org).



Pou plis enfòmasyon oswa pou pote yon plent kont diskriminasyon nan kesyon lojman, kontakte:

### Lojman san patipri nan SouthCoast

257 Union Street  
New Bedford, MA 02740  
(774) 473-9994

1005 Main Street, Suite 1210  
Pawtucket, RI 02860  
(401) 285-2550

### SouthCoastFairHousing.org

Pou w kontakte nou pa mwayen TTY, lè w sèvi avèk TTY w la rele 711, rele MassRelay nan 800-439-2370 (oswa 1-866-930-9252 pou espanyòl), oswa rele Rhode Island Relay nan 1-800-745-5555 (oswa 1-866-355-9214 pou espanyòl) epi bay nimewo telefòn nou an.

Travay ki te baz pou piblikasyon sa a te jwenn yon sibvansyon Etazini. Depatman lojman ak devlopman kominotè. Kontni ak rezilta travay la se pou piblik la. Sèl responsablite moun ki ekri l la ak moun ki pibliye l la se se veye presizyon nan deklarasyon yo ak entèpretasyon ki nan piblikasyon sa a. Entèpretasyon sa yo pa nesèsèman reflekte opinyon gouvènman federal la.



**DWA POU KESYON  
LOJMAN SAN PATIPRI  
POU MOUN KI SOUD  
OUBYEN KI TANDE DI  
OUBYEN KI AVÈG OUBYEN  
KI PA WÈ BYEN.**

# PWOPRIYETÈ AK MANAGÈ PWOPRIYETE YO

Lwa federal sou lojman san patipri yo entèdi diskriminasyon nan tranzaksyon ki gen rapò ak lojman akoz ras, koulè, relijyon, peyi kote w soti, sèks, andikap oswa sityasyon famiyal (si gen timoun minè oswa fi ansent).

Lwa nan Massachusetts ak Rhode Island sou lojman san patipri yo entèdi diskriminasyon nan kesyon lojman sou baz lòt klas ki pwoteje sa yo:

laj • estati veteran oswa militè • oryantasyon seksyèl • idantite seksyèl • eta sivil • resevwa èd leta \* (pa egzant, kupon pou manje) • itilizasyon sibvansyon lojman\* (pa egzant, Seksyon 8) • jenetik\* • estati kòm viktim vyolans domestik :):

\* Massachusetts sèlman • t Rhode Island sèlman

Lwa lojman san patipri yo aplike nan yon pakèt tranzaksyon lojman, sa ki gen ladan lokasyon, vant, prè pou kesyon imobilye, evalyasyon ak asirans pwopriyete. Pwopriyete, ajan imobilye, moun ki bay prè yo, konpayi asirans, ak blòk apatman yo (kondominyòm), koperativ ak asosiyasyon pwopriyete kay yo pa dwe fè diskriminasyon paske yon moun fè pati yon klas ki pwoteje.

## Ki definisyon yon andikap?

Yon andikap se yon pwoblèm fizik oswa mantal ki redui anpil youn oswa plis nan prensipal aktivite nan lavi a, tankou pran swen pwòp tèt ou, fè travay manyèl, mache, wè, tande, pale, respire, aprann ak travay. Sa gen ladan l tou lefètke yon moun gen yon dosye ki gen rapò ak yon andikap konsa oswa yon dosye konsènan yon moun yo konsidere ki gen yon andikap konsa. Lwa a aplikab tou pou yon moun k ap viv ansanm avèk yon moun ki gen yon andikap.

## Ki sa ki yon aranjman rezonab ye?

Yon "aranjman rezonab" se yon chanjman, eksepsyon oswa ajisteman nan yon règ, politik, pratik oswa sèvis ki ka nesèsè pou yon moun ki gen yon andikap ka gen menm opòtinite pou li itilize e benefisye yon kote pou li rete, sa ki gen ladan l espas plizyè moun itilize ak espas piblik yo. Men kèk egzant aranjman rezonab pou rezidan ki soud oswa ki gen difikilte pou yo tande oswa ki avèg oswa ki pa wè byen:

- Bay yon entèprèt pou pèmèt rezidan ki soud oswa ki pa tande byen yo patisipe nan reyinyon pwopriyete kay oswa asosiyasyon blòk apatman oswa reyinyon oswa konvèsasyon avèk yon founisè lojman ki enplike dosye ki long, ki konplike oswa ki enpòtan.
- Bay èd pou ranpli fòm oswa bay kontra lwaye, egzijans oswa lòt dokiman an gwo lèt.
- Kote yon kontra lwaye pèmèt sèlman granmoun ki gen non yo nan kontra lwaye a abite nan yon apatman, yo dwe pèmèt yon moun k ap ede si lokatè a bezwen èd sa a.
- Pèmèt yon bèt k ap ede nan yon bilding ki gen yon politik "pa dwe gen bèt domestik".

## PWOPRIYETÈ AK MANAGÈ PWOPRIYETE YO

Pwopriyete yo ak ajan yo dwe asire moun ki gen andikap ki gen rapò ak wè, tande, pale ka kominike avèk yo san pwoblèm. Pa egzant, moun ki avèg oswa ki gen pa wè byen ka bezwen pou yo li pou yo aplikasyon pou lwaye a oswa lòt dokiman ki gen rapò ak lojman an. Founisè lojman yo pa ka refize kominike pa mwayen TTY, retransmisyon videyo, oswa lòt sistèm ki fè retransmisyon.

## Ki sa ki yon modifikasyon rezonab?

Yon "modifikasyon rezonab" se yon chanjman nan estrikti ki deja egziste nan batiman ki gen moun k ap viv ladan l oswa yon moun ki gen yon andikap ki pral viv ladan l, yon fason pou li ka itilize epi byen pwofite lokal. Modifikasyon rezonab ka gen ladan chanjman nan estrikti anndan ak deyò lojman yo, ak nan espas plizyè moun ap itilize yo ak espas piblik yo. Egzanp modifikasyon rezonab yo gen ladan l pèmèt yon lokatè pou l:

- Enstale yon aparèy kominikasyon, tankou limyè stwòb, pou avèti yon lokatè ki soud oswa ki gen difikilte pou l tande lè gen yon alam lafimen oswa sonèt yon pòt sonnen.
- Modifye aparèy kizin yo pou yon moun ki avèg itilize.
- Enstale ba pou moun kenbe oswa ranp; elaji pòt yo pou pèmèt aksè sou chèz woulant.
- Retire yon etajè ki debòde nan yon kote pou moun pase.

Rezidan an responsab pou peye depans modifikasyon an. Lokatè yo oblije fè anndan kay la tounen jan l te ye anvan sèlman kote li rezonab pou yo fè sa e founisè lojman an mande sa. Yo pa oblije fè anndan yon kay tounen jan l te ye anvan si se modifikasyon rezonab yo te fè ladan l. Seksyon 504 Lwa reyabilitasyon 1973 la ka egzije pwopriyete ki resevwa lajan nan men Leta federal la pou yo peye pou modifikasyon rezonab yo.

## MOUN KI BAY PRÈ AK KONPAYI ASIRANS YO

Moun ki bay prè yo ak konpayi asirans yo pa ka refize bay prè imobilye oswa asirans pwopriyete kay oswa asirans lokatè paske moun k ap aplike a se yon moun ki gen yon andikap. Ni yo pa ka pa bay prè imobilye oswa asirans ak kondisyon ki diferan. Dapre Lwa sou lojman san patipri a, moun k ap bay prè yo ak konpayi asirans bezwen asire yo yon moun ki gen yon andikap resevwa menm enfòmasyon sou yon prè oswa kontra asirans tankou nenpòt ki lòt moun k ap aplike ki pa gen yon andikap. Moun k ap bay prè yo ak konpayi asirans yo bezwen fè aranjman rezonab pou moun ki gen andikap, sa ki ka gen ladan ba yo yon entèprèt.

